

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan hal-hal nu raket patalina jeung kacindekan hasil tina panalungtikan, nyaéta (1) kacindekan, (2) implikasi, jeung (3) rékoméndasi.

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis data jeung pedaran nu diébréhkeun dina bab IV, bisa dicindekkeun yén prinsip rempug jukung (kooperatif) jadi dadasar nalika komunikasi, tujuanana sangkan bisa ngawangun gawé bareng antara dua pihak, boh panyatur boh mitra tuturna. Dina lumangsungna komunikasi tangtuna waé diperlukeun ayana gawé bareng antara panyatur jeung pamiarsa, sangkan komunikasi téh bisa lumangsung kalawan lancar, jelas, silih ngarti, silih ngahargaan, tur nytingkahan sawatara hal nu nyababkeun ayana salah paham atawa salah tafsir, jeung salah komunikasi nu bisa nyababkeun informasi teu katepikeun sacara bener tur maksimal. Omongan nu ngandung harti rempug jukung (kooperatif) téh diperlukeun jeung dibutuhkeun pisan dina lumangsungna komunikasi, lantaran ieu hal téh tangtuna bisa nytingkahan hal-hal nu nyababkeun omongan-omongan teu katarima ku pamiarsa sacara langsung, jelas, ngandung ajén bebeneran, tur luyu dumasar kana kabutuhan.

Niténan kana analisis data dina kumpulan carpon *Teu Tulus Paéh Nundutan* karya Ki Umbara diwangun ku sababaraha omongan nu ngarempak jeung omongan nu ngukuhan prinsip rempug jukung (kooperatif). Hasil panalungtikan nyindekeun yén aya 429 data omongan nu kagolong kana prinsip rempug jukung, éta omongan diwangun ku 46 data omongan ngarempak jeung 261 data omongan ngukuhan kana maksim-maksim rempug jukung (kooperatif). Unggal omongan nu aya masing-masing boga karakterna tur udaganana séwang-séwangan dumasar kana kontéks situasi lumangsungna omongan, éta hal téh nyoko kana maksim-maksim omongan rempug jukung, nu ngawengku maksim jumlah (kuantitas), maksim inajén (kualitas), maksim kasaluyuan (rélevansi), jeung maksim cara.

Maksim-maksim omongan rempug jukung nu dianalisis tur diklasifikasi dumasar kana kontéks situasi omongan nu keur lumangsung dina carita tur udagan atawa maksud nu rék ditepikeunana. Dumasar hasil analisis data omongan-omongan nu aya dina kumpulan carpon *Teu Tulus Paéh Nundutan* karya Ki Umbara téh kagolong kana opat maksim omongan rempug jukung (kooperatif), nu réréana unggal omonganana kagolong kana maksim nu ngandung harti kasaluyuan (119 data) jeung nu pangsaeutikna kagolong kana maksim nu ngandung harti cara (61 data).

Sacara gurat badagna omongan nu ngarempak jeung ngukuhan prinsip rempug jukung ngabogaan opat wanda dina unggal omonganana. Omongan nu ngarempak prinsip rempug jukung diwangun ku tilu maksim, nyaéta maksim jumlah (kuantitas), maksim kasaluyuan (rélevansi), jeung maksim cara. Omongan nu panglobana ngarempak nyaéta omongan nu maksimna ngandung harti jumlah (23 data) jeung nu pangsaeutikna ngarempak nyaéta omongan nu maksimna ngandung harti cara (2 data). Hartina omongan nu ngarempak dina éta carita téh réréana informasi nu dikedalkeunna teu jelas, teu luyu dumasar kabutuhan, sarta kaleuleuwih.

Ari omongan nu ngukuhan prinsip rempug jukung téh diwangun ku opat maksim, nyaéta maksim jumlah (kuantitas), maksim inajén (kualitas), maksim kasaluyuan (rélevansi), jeung maksim cara. Omongan nu panglobana ngukuhan nyaéta omongan nu maksimna ngandung harti kasaluyuan (98 data) jeung nu pangsaeutikna ngukuhan nyaéta omongan nu maksimna ngandung harti inajén (14 data). Hartina omongan nu ngukuhan dina éta carita téh réréana informasi nu dikedalkeunna luyu atawa rélevan dumasar kana pasualan nu keur dicaritakeun.

Sacara umum bisa dicindekkeun yén omongan rempug jukung (kooperatif) dina kumpulan carpon *Teu Tulus Paéh Nundutan* karya Ki Umbara téh kapanggih aya nu ngarempak jeung ngukuhan éta prinsip. Unggal omonganana masing-masing nyoko kana opat maksim, nu réréana mah ngukuhan kana maksim kasaluyuan (rélevansi).

5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban jeung ngajembaran paélmuan dina widang basa, hususna dina widang pragmatik. Panalungtikan ngeunaan prinsip rempug jukung dina wangun omongan, dipiharep bisa dilarapkeun ku masarakat dina kahirupan sapopoé. Lantaran, dina lumangsungna komunikasi diperlukeun ayana gawé bareng antara dua pihak, sangkan komunikasi bisa lumangsung kalawan lancar. Pon kitu deui, dina prak-prakanana prinsip rempug jukung (kooperatif) perlu dititénan sangkan leuwih maham jeung ngarti yén omongan nu dikedalkeun téh kudu jelas, saperluna, ngandung ajén bebeneran, rélevan jeung pasualan nu dicaritakeun, tur luyu dumasar kabutuhan. Tampolana éta hal téh bisa nyinkahan ayana pabéntar paham atawa salah tafsir, sarta hubungan jeung sasama bakal leuwih kajaga.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar hasil analisis jeung kacindekan, aya sababaraha rékoméndasi nu raket patalina jeung ieu panalungtikan.

- a. Ieu panalungtikan téh nalungtik jeung nganalisis ngeunaan kabasaan dina wangun tinulis, nyaéta kumpulan carpon *Teu Tulus Paéh Nundutan* karya Ki Umbara, dina eusina téh medar ngeunaan prinsip rempug jukung. Ku kituna, dipiharep panalungtikan kahareupna bisa medar ngeunaan prinsip rempug jukung dina wangun lisan, saperti dina kahirupan sapopoé, di sakola, média masa, jeung sajabana.
- b. Ieu panalungtikan téh boga tujuan pikeun ngajembaran jeung ngeuyeuban paélmuan dina widang basa, hususna dina widang pragmatik. Ku kituna, dipiharep panalungtikan saterusna bisa leuwih ngajembaran kana ulikan nu dipedar, teu ngan saukur nganalisis prinsip rempug jukung hungkul, lantaran masih kénéh loba pedaran nu séjén dina widang pragmatik.